*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 155 (25641)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 26 август — майрæмы мæйы 26 бон, майрæмбон

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ШТАБЫ ÆМБЫРД — *Экономикæйы фидар рæзт*

3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ — *Дзюдо*

**Æвзæрстыты агъоммæ**

## Гимн азæлдзæн

**Цæгат Ирыстоны Центрон æвзарæн къамис куыд фехъусын кодта, афтæмæй хъæлæс кæныны бонты нæ республикæйы æвзарæн хайæдтæ гом кæныны рæстæг азæлдзæн Уæрæсейы паддзахадон гимн.**



**— Уæрæсейы Федерацийы Центрон æвзарæн къамисы 93-æм æмбырды архайджытæ рахастой, æвзæрстыты рæстæг æвзарæн хайæдтæ гом кæнгæйæ, Уæрæсейы паддзахадон гимн цæгъдынæн фадæттæ саразыны тыххæй уынаффæ. Хæстæгдæр сентябры æвзæрстытæй райдайгæйæ, Цæгат Ирыстон ацы фæндон æхсызгонæй баххæст кæндзæн, — загъта ведомствæйы минæвар.**

*Нæ уацхæссæг*

**Пенсион фондæй**

## Социалон уæлæфтуан фиддонтæ

**Ацы азы райдайæнæй фæстæмæ 1231 нæкусæг цæгатирыстойнаг пенсиисæджы пенситæ фæцæрынæн хъæугæ тæккæ къаддæр хæрдзты онг цæмæй схæццæ уой, уый тыххæй сын æнæ куырдиатæй сæвæрдтой федералон социалон уæлæфтуан фиддонтæ.**

Ныртæккæ амынд фиддонтæ исæг цæгатирыстойнæгты нымæц у 43589 адæймаджы.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: пенсиисæг кæм цæры, уыцы регионы кæй сæвæрдтой, нæкусæг пенсиисæджы æхцайы фиддонты иумæйаг бæрц пенсиисæгæн фæцæрынæн хъæугæ тæккæ къаддæр хæрдзты уыцы бæрцмæ кæд нæ хæццæ кæны (ацы фиддонты бæрц та, æмткæй райсгæйæ, Уæрæсейы Федерацийы пенсиисæгæн фæцæрынæн хъæугæ тæккæ къаддæр хæрдзты бæрцмæ кæд нæ хæццæ кæны), уæд пенсиисæгæн сæвæрынц федералон социалон уæлæфтуан фиддон.

Уæрæсейы Пенсион фонды цæгатирыстойнаг регионалон хайады разамонæг Таболты Сергейы ныхасмæ гæсгæ, ацы азы 31 майы Цæгат Ирыстоны Хицауады хаст № 238 уынаффæйæ нæ республикæйы фæцæрынæн хъæугæ тæккæ къаддæр хæрдзты бæрц у 10775 сомы (уый у ацы азы 28 майы Уæрæсейы Федерацийы Хицауады хаст № 973 уынаффæйæ фидаргонд, пенсиисæгæн фæцæрынæн хъæугæ тæккæ къаддæр 11970 сомы бæрц хæрдзты бæрцæй къаддæр).

— Мæймæ 10775 сомæй къаддæр чи исы, ацы аз федералон социалон уæлæфтуан фиддон дæттæм ахæм нæкусæг цæгатирыстойнаг пенсиисджытæн. Фæцæрынæн хъæугæ тæккæ къаддæр хæрдзты онг пенсийы бæрц нæ, фæлæ иумæйаг материалон ифтонгад кæй схæццæ кæнынц, уый уæ рох ма уæд. Амынд æхцайы бæрцмæ хауынц Уæрæсейы Пенсион фонды фыст æхцатæ (пенси, федералон льготникæн æрвылмæйон æхцайы фиддон, æрвылмæйон уæлæмхасæн материалон ифтонгад æмæ æндæртæ), стæй Цæгат Ирыстоны Фæллой æмæ социалон рæзты министрады æххæстгонд социалон æххуысы мадзæлтты æхцатæ (телефонæй, цæрæнуатæй, коммуналон лæггæдтæй пайда кæныны фæдыл социалон æххуысы æххæстгонд мадзæлтты æхцайы бæрцытæ), — загъта **Таболты Сергей**.

Хицауиуæггæнæг адæймаджы ныхасмæ гæсгæ, пенсиисджытыл куырдиат барвитыны æмæ исты хабæрттæ хъусын кæныны хæс æвæрд нæй. Адæймагæн æвæрд пенсийы бæрц пенсиисæгæн фæцæрынæн хъæугæ тæккæ къаддæр хæрдзты бæрцæй къаддæр кæд рауайа, уæд, ведомствæты æмгуыстады фæткмæ гæсгæ, Пенсион фонды специалисттæ сæхæдæг бацагурдзысты социалон æххуысы æндæр фидаргонд мадзæлтты тыххæй хабæрттæ. Æппæт ист фиддонтæ нымайгæйæ, пенсиисæджы æфтиаг раздæрау фæцæрынæн хъæугæ тæккæ къаддæр хæрдзты бæрцæй кæд къаддæр уа, уæд Уæрæсейы Пенсион фонд пенсийæн социалон уæлæфтуан фиддон хæдбарæй сæвæрдзæн.

**Уæрæсейы Пенсион фонды регионалон контакт-центр: 8-800-600-03-71, 51-80-92.**

**Нæ уацхæссæг**

**Æмархайд**

## Хъæугæ ныхас — Виталий Муткоимæ





**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО, Мæскуыйы кусæг балцы уæвгæйæ, фембæлд "ДОМ.РФ"-йы генералон директор Виталий МУТКОИМÆ. Фæбæрæг кодтой, иумæйаг проекттæ æмæ уæлбар ипотекон æфстæутты программæтæ царды куыд æнтысынц, уый.**

"ДОМ.РФ" царды уадзы горæтаг алфамбылæйты рæзты программæтæ, æхсæнадон фæзуæтты проекттæ, дизайн-кодтæ æмæ архитектурон-горæттæаразæн нысантыл кусы. Сергей Меняйлойы ныхасмæ гæсгæ, республикæйы Хицауадимæ "ДОМ.РФ"-имæ ахæм проекттæ царды рауадзыныл архайынц. Сæ иутæ баст сты Терчы былгæрæттæ саив кæнынимæ, иннæтæ — Жуковскийы номыл парчы фæлгонцадимæ. Дарддæр хъуамæ Дзæуджыхъæуы комплексон рæзты проект сцæттæ кæной.

"Нæ сæйраг горæты мастер-пъланыл бакусыны хæс 2022 азы, апрелы, сæвæрдта Уæрæсейы Президент **Владимир Путин**. Уæд сбæрæг уыдзысты Дзæуджыхъæуы рæзты рахæцæнтæ, ног микрорайонтæ дзы хъуамæ фæзына, спайда кæндзыстæм фæзуæтты рæзты алыхуызон авналæнтæй. Ацы ран нæ фæнды "ДОМ.РФ"-мæ æмгуыстадмæ фæсидын, уый тыххæй федералон æмвæзады иу æмæ дыууæ хатты нæ дзырдтам", — фæбæрæг кодта республикæйы Сæргълæууæг.

Виталий Мутко хъæппæрисимæ сразы, Дзæуджыхъæуы администраци кæй бацæттæ кæндзæн, уыцы техникон хæсимæ сæ специалисттæ базонгæ уыдзысты æмæ æмгуыстады бавналæнтæ сбæрæг кæндзысты.

"ДОМ.РФ"-йы куыст баст у регионты æппæтвæрсыг рæзтимæ, адæмы цард фæхуыздæр кæнынимæ. Уый тыххæй нæм алцыдæр ис, арæзтады бæрц фæфылдæр кæныны фадæттæ, адæмы бон сæ æлхæнын уыдзæн, хъæугæ горæтаг алфамбылæйттæ скæнын нæ бон у. Цæгат Ирыстонимæ æппæт фарстатыл æмгуыстадмæ цæттæ стæм. Ныртæккæ кусæм Дзæуджыхъæуы мастер-пъланы проектыл, "ДОМ.РФ"-йы Иугонд ипотекæ уадзынмæ цæттæ стæм, регионæн хъæугæ социалон объекттæ аразынмæ "ДОМ.РФ"-йы облигациты фæрцы нæ бон бавналын у", — загъта Виталий Мутко.

Фæбæрæг ма кодтой "ДОМ.РФ"-йы æппæт проектты архайыны фарста дæр.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Мæскуыйæ — уазджытæ**

## Компанийы æнтыстдзинæдтæ

**Уæрæсейы Промышленност æмæ базарады министрады минæвæрттæ æрцыдысты Цæгат Ирыстоны компани "ОКТО"-мæ.**



"ОКТО" кусы, нырыдæгæн, цыппар азы. Уыимæ, коллектив технологон æргъдауæй уæлдæр æмвæзадмæ схызт. Ам продукцийы алы хуызтыл сæрмагонд нысантæ цæй фæрцы æвæрынц, ахæм ифтонггæрзтæ арæзт цæуынц. Уыцы сæрмагонд станоктæ æхсызгонæй æлхæнынц бирæ æндæр куыстуæттæ дæр, уыимæ, Сомих, Таджикистан æмæ æндæр бæстæтæ дæр.

— Нæ куыстуат у уæлдай ахсджиаг, æрмæст нæ республикæйæн нæ, фæлæ Уæрæсейæн æмæ æндæр бæстæтæн дæр. Ам продукцийыл нырыккон сæрмагонд нысантæ æвæрынæн ис алыхуызон мадзæлттæ. Цымыдисдзинад та уый мидæг ис, æмæ нæ станокты ивæн хæйттæн сæ фылдæр арæзт æрцæуы нæхи куыстуаты. Ис нын нæхи программæ, уый техникон æгъдауæй йæ цæст дары, æндæр бæстæтæм æрвыст цы станоктæ æрцыдысты, уыдонмæ дæр, — загъта "ОКТО"-йы æххæстгæнæг директор **Антон Рощин.**

Уазджытæн равдыстой куыстуаты агъуыстытæ æмæ кусæнгæрзтæ уадзыны къæпхæн, бæстон радзырдтой, алы æмвæзады, цы арæзт æрцæуы, уый.

— Продукцийыл сæрмагонд нысанттæ æвæрыны фарста рагæй лæууыд, уый фæдыл паддзахад аразы бирæ разæнгардгæнæн мадзæлттæ. Нырыккон уавæртæм гæсгæ Уæрæсейы промышленност хъуаг ницæмæй æййафы, фæлæ уæддæр нæ бæстæ хъуамæ ифтонг уа технологон æгъдаумæ гæсгæ. Ацы куыстуаты сæ кусæнгæрзтæ аразыны хъуыддагмæ цы цæст дарынц, уый мæ зæрдæмæ фæцыд — сæ ивæн хæйттæ дæр сын сæхæдæг кæнынц, — загъта Нырыккон технологон райрæзты центры генералон директоры хæдивæг **Сергей Холкин**.



Изæры Хицауады æмбырды ацы фарстатыл бæстондæр æрныхас кодтой.

**ГОБОЗТЫ Агуындæ**
**Къамтæ систа ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

**Кусæг балц**

## Уавæртимæ базонгæ

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис бабæрæг кодта Хъæбæлоты Билары номыл Сывæллæтты сфæлдыстады галуан, йæхи цæстæй федта, ногæй рацарæзт дзы куыд кæнынц, уый.**

Хъуыддæгтæ æнтысынц, 2024 азы, Цæгат Ирыстоны скондыл 100 азы кæй сæххæст уыдзæн, уый фæрцы. Ахæм Указ бафыста Уæрæсейы Президент **Владимир Путин**, объект хъуамæ сцæттæ уа 2023 азы. Компани "СКИФОС-РСК"-йы разамонæг **Петр Павлов** куыд зæгъы, афтæмæй уал ныртæккæ ивынц рагон хъайвантæ, уæлдæфы, хъарм æмæ электрон тыхдæттæн хызтæ ивынц. Дарддæр бавналдзысты рудзгуытæ ивынмæ, мидæггаг уæтты арæзтадон куыстытæм. Сæйрагдæр у Сывæллæтты сфæлдыстады галуаны æвæджиауы бакаст æмæ сконд бахъахъхъæнын.







Дзанайты Барис куыд радзырдта, афтæмæй 2024 азы бæрæг кæндзыстæм нæ республикæйы сконды 100 азы. "Сывæллæтты сфæлдыстады галуаны ногæй рацарæзт бахастам сæйраг мадзæлттæм. Галуанæн ис йæхи истори, Дзæуджыхъæуæн æмæ республикæйæн йæ ахадындзинад бæрзонд у. Ардыгæй бирæ фæлтæртæ рацыдысты цардмæ. Мах æй хъуамæ скæнæм фадатджын, технологон æгъдауæй нырыккон. Сывæллæттæ æмæ дзы ахуыргæнджытæ хъуамæ сæхи хорз æнкъарой", — фæбæрæг кодта Хицауады Сæрдар.

Уый ма Ахуырад æмæ наукæйы министрадæн, Галуаны разамындæн бахæс кодта, цæмæй ног ахуыры аз æппæт коллективтæн дæр архайыны уавæртæ уа. Æдæппæтæй Сывæллæтты сфæлдыстады галуаны ис 100 сфæлдыстон иугонды, ахуыр дзы кæнынц сывæллæттæ 5 азæй 18 азмæ. Цалцæджы рæстæг сывæллæттæ уыдзысты Ахуырад æмæ наукæйы министрады дæлхайæдты, Дзæуджыхъæуы скъолаты, ЦИПУ-йы концертон залы.

Дзанайты Барис ма бацыд Адæмон кафты ансамбл "Алан"-ы бæстыхаймæ, федта, цæлцæггæнæн куыстытæ дзы куыд цæуынц, уый. Йемæ уыдысты йæ хæдивæг **Тугъанаты Ларисæ**, арæзтад æмæ архитектурæйы министр **Моргуаты Константин**, культурæйы ведомствæйы разамонæг **Галазты Эдуард**. Дзанайы-фырт бабæрæг кодта репетицигæнæн залтæ, дзаумаивæн бынæттæ, хисæнтæ. Ныртæккæ бæстыхайы рагон ифтонгад халынц, баивтой хæдзары сæр, хъармдæттæн. Æддаг къултæ сæрдынц, сæ цъар сын ивынц. Æндæр хъуыддæгтæ кæнынц. Хъуамæ бæстыхай сцæттæ уа ацы азы кæронмæ. Ансамблы аивадон разамонæг **Къозаты Зелимханы** ныхасмæ гæсгæ, ныртæккæ артисттæн хуыйынц сценикон ног уæлæдарæс.

Дзанайты Барис куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй "Алан" алы рæтты æвдисы нæ республикæйы кад. Республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойы** фæдзæхстæй цалцæгæн фæрæзтæ радих кодтой регионалон инвестицион программæйы фæлгæты.

"Æхца ма радих кодтам бæхты театр "Нарт"-ы рæзтæн. Нæ зæрды ис æппæт сфæлдыстадон коллективты фарсмæ балæууын, алы бæрнон адæймаг дæр хъуамæ хъуыддæгтæм лæмбынæг акæса. Куыстытæ хъуамæ æмгъуыдтæй фæстæдæр ма баззайой", — загъта Дзанайы-фырт.

Уый тыххæй нын фехъуын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

**Дзырды фарн**

*Маст алчидæр æййафы, фæлæ адæм сеппæт æмхуызон нæ маст кæнынц.*

*Нигер*

**Боныхъæд** **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **26 августы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **29-34 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **29-31 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 13,24 | **Хурыскаст** — 05,20 | **Хурныгуылд** — 18,44

Валютæйы аргъ: **Доллар** — 60,67↓ **Евро** — 59,36↓

12+

Штабы æмбырд

# Экономикæйы фидар рæзт фæбæрзонддæр кæныны нысан

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис скодта Экономикæйы фидар рæзт фæбæрзонддæр кæныны оперативон штабы æмбырд. Ныхас бацахста экономикæйы нырыккон уавæр, чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомадæн æххуысы мадзæлттæ.**

Республикæйы социалон-экономикон рæзты хатдзæгтæм гæсгæ, азы райдайæнæй сæйраг макроэкономикон бæрæггæнæнтæн сæ бакаст у æвæрццæг. Уый тыххæй уыд йæ раныхас экономикон рæзты министры фыццаг хæдивæг **Олег Быкадоровæн**. Промышленнон куыстады индексы бæрæггæнæн рауад 110,3 проценты, хиуагъд продукцийы бæрц фæбæрзонддæр 3,6 проценты, 18 миллиард сомы сæрты ахизгæйæ.





Цæрæнуæттæ 2022 азы 1 июлмæ сарæзтой 18 проценты фылдæр, фаронимæ абаргæйæ. Йæ иумæйаг фæзуат рауад 185,9 мин квадратон метры. Хъæууонхæдзарадон продукцийы бæрц фæфылдæр 2,4 проценты, базарады зилдух розницæйы рауад 70 миллиард сомæй фылдæр.

Дзанайы-фырт куыд бафиппайдта, афтæмæй нæ республикæ рæзы, йæ бирæ къабæзтæ æвдисынц размæцыд. "Уый нæ иумæйаг куыст у, фæлæ ма нæ иннæ фарстатыл дæр хъæуы бацархайын. Уымæ гæсгæ сæм стырдæр æргом аздахæм", — фæсидт Хицауады Сæрдар. Куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй хъуамæ Экономикон рæзты министрад гæрæнты уавæры йæ хъус дара экономикæмæ. Хицæн къабæзты цы зындзинæдтæ сæвзæры, уыдоны тыххæй хъуамæ æвæстиатæй хъусын кæна.

Дзанайты Барис ма министрадæн бахæс кодта Монополиты ныхмæ федералон службæйы управлениимæ ахуырады хъæугæ базарадмæ хъус фæдарын, цæмæй ныййарджытæ æмæ сывæллæттæ æргътимæ тыхстдзинæдтæ ма 'взарой.

Чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомадæн æххуысы мадзæлттыл дзургæйæ, Олег Быкадоров куыд бацамыдта, афтæмæй æддагон гæрæнты уавæрты уый тынг ахсджиаг у. Уымæ гæсгæ Чысыл æфстæуттæ дæттыны фонд уæлбар лæггæдтæ кæныны фæтк фæроггæр кодта. Процентты бæрц азмæ 9,5-æй 3 процентмæ æрхауд, бæрнон адæймаг ссаргæйæ, æфстауы бæрц 800 мин соммæ схæццæ. Министры фыццаг хæдивæг куыд радзырдта, афтæмæй Æфстау зæрдæдарæнты фонд йæ мидæггаг нормативон гæххæттытæм бахаста йæ лæггæдты бæрц фæпарахатдæр кæныны уагæвæрд.

"Уыцы ивддзинæдтæ бар дæттынц "Корпораци МСП"-йы продуктæй спайда кæнынæн, финансон æххуыс исæджы нæ бахъæудзæн уæлæмхасæн цъынды исын. Æххуысагурæг йæ куырдиат куы æрбадæтта, уæд ын æм æркæсдзысты 1-2 боны æмгъуыдмæ, ис ма æндæр удæнцойдзинæдтæ дæр", — фæбæрæг кодта Олег Быкадоров.

Хъæууон хæдзарад æмæ хойраджы министр **Къусраты Алан** радзырдта, хæдзарадон архайдгæнæг чысыл куыстуæттæн цы паддзахадон æххуыс кæнынц, уый тыххæй. "Ныртæккæ бинонты фермæтæн дæттæм фæрæзтæ, фермертæ "Агростартап"-æй исынц гранттæ. Æппæт чысыл хæдзарæдтæм æххуыс хæццæ кæны, субсидитæ дæттæм хъæууонхæдзарадон продукциуадзджытæн. Ацы азы кæронмæ нæм федералон бюджетæй æрæрвитдзысты фæрæзтæ æхсырдæттæг фосдарынады, рапс æмæ сойæйы рæзтæн", — фæбæрæг кодта Къусрайы-фырт.

Хицауады Сæрдар куыд бафиппайдта, афтæмæй федералон æмæ регионалон æмвæзады ис амалхъомтæн æххуысы мадзæлттæ. "Æрмæст сæ спайда кæнын хъæуы нæ республикæйы, адæмæн алцыдæр æмбарын кæнын хъæуы", — загъта Дзанайы-фырт. Паддзахадон æххуыс кæм дæттынц, уыцы проекттæм хъус фæдарын бафæдзæхста Экономикон рæзты æмæ Хъæууон хæдзарад æмæ хойраджы министрадтæн. Районты разамонджытæ хъуамæ адæмы 'хсæн кæной æмбарынгæнæн куыст.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Номарæн

# Ветеран йæ цардæй ахицæн

**Фыдыбæстæйы Стыр хæсты 102-аздзыд ветеран Епхиты Григорийы фырт Михал йæ цардæй ахицæн.**

1941 аз Михал каст фæци æфсæддон училищæ æмæ йæ лейтенанты цинимæ службæ кæнынмæ арвыстой Киевы сæрмагонд æфсæддон зылдмæ. Ам 22 июны æрыгон афицеры æрбаййæфта хæст. Михал архайдта Ростов æмæ æндæр цæрæн бынæттæ бахъахъхъæныны фæдыл хæстыты, фæлæ немыц советон æфсæдтыл куы æрхъула кодтой, уæд Епхийы-фырт уацары бахауд, æмæ йæ æрмæст 1945 азы апрелы ссæрибар кодтой. Фæстæдæр слестгæнджытæ Михалы хъуыддæгтæ сбæлвырд кодтой, ногæй йын радтой æфсæддон цин æмæ йæ арвыстой запасы.



1946 азы кæрон Ирыстонмæ æрбаздæхгæйæ, Михал кусын райдыдта райдайæн къласты ахуыргæнæгæй æмæ каст фæци Ирон педагогон училищæ. Фæстæдæр Епхийы-фырт фæсаууонмæ ахуыр кæнынмæ бацыд Цæгат Ирыстоны ахуыргæнджыты институтмæ æмæ йæ каст куы фæци, уæд йæ ахуырад ногæй фæсаууонмæ дарддæр ахæццæ кодта Цæгат Ирыстоны паддзахадон педагогон институты уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы факультеты. 50 азы дæргъы Михал Хъæдгæроны скъолайы бакуыста ахуыргæнæгæй.

Епхиты Михал хорзæхджынгонд æрцыд майдан "Ирыстоны Намысæн"-æй æмæ орден "Ирыстоны Намыс"-æй, уыдис æм Хъæдгæроны кадджын гражданины æмæ Æрыдоны районы кадджын гражданины нæмттæ.

**Нæ уацхæссæг**

Бынæттон хиуынаффæйад

# Амбрози кæрдынц

**Адæймагмæ аллерги цæй аххосæй фæзыны, ахæм зайæгойты ныхмæ тох нымад у Дзæуджыхъæуы префектурæты куысты къабæзтæй иуыл.**



Æрæджы Терчыфалейы префектурæйы бригадæтæ Плиты Грисы уынджы ныккарстой амбрози.

— Амбрози тыхджындæр аллергенттæй иу кæй у, уый нымайгæйæ, ацы зайæгой аиуварс кæныны хъуыддагмæ уæлдай фылдæр æргом здахæм. Адæмæн ис Дзæуджыхъæуы фæзуатыл амброзийы æрзады тыххæй хабар ***30-30-30 телефонæй горæты администрацийы контакт-центрæн фехъусын кæныны бар***. Куырдиат нæм куы æрбафта, уæд зайæгой ныккæрдынмæ бригадæ арвитдзыстæм, — зæгъы Терчыфалейы районы префект **Балаты Владимир**.

Ацы хабар фехъусын кодта Дзæуджыхъæуы администрацийы пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

Ахуыры азы агъоммæ

# Скъолаты цалцæг

**Цæгат Ирыстоны быңдуронæй кæй цалцæг кæнынц, уыцы 19 скъолайæ 10 фыццæгæм сентябрмæ байгом уыдзысты.**

Республикæйы арæзтад æмæ архитектурæйы министр **Моргуаты Константины** ныхасмæ гæсгæ, ноджыдæр ма фондз скъолайы октябры райдайæнмæ срæвдз уыдзысты.

— Скъолаты бындурон цалцæгкæнынады хъуыддаг æвзарæм. Цалцæггæнæн куыстытæ афæдзмæ нымад кæмæн уыдысты, уыцы скъолатæ фыццæгæм сентябрмæ хъуамæ байгом уой, бирæ куыстытæ баххæст кæнын кæм хъæуы, уыцы ахуыргæнæндæттæ та æртынæм октябрмæ срæвдз уыдзысты. Æрæджы бабæрæг кодтон Мæздæджы районы Павлодольскæйы скъола. Æхсай адæймаджы объекты кусынц дыууæ радæй. Ног ахуыры азмæ скъола байгом уыдзæн, — загъта министр.

Республикæйы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæйы** ныхасмæ гæсгæ, цалцæггæнæн куыстыты рæстæг скъоладзаутæ кæм ахуыр кæндзысты, ахæм скъолатæ бæлвырдгонд æрцыдысты.

**Нæ уацхæссæг**

Цæстдард

# Алименттæ нæ фыста

**Дыгуры районы прокуратурæ 35-аздзыд дигорайаг нæлгоймагыл арæзт уголовон хъуыддаджы зылынгæнæг акт сфидар кодта.**

Ацы адæймаджы аххосджын кæнынц Уголовон кодексы 157 статьяйы 1 хайы ("Тæрхондоны уынаффæ халгæйæ, ныййарæг æнæ ахсджиаг æфсæнттæй æнахъом сывæллæтты хъомыл кæнынæн фæрæзтæ нæ фиды") амынд фыдракæнд саразынæй.

Слестгæнджыты ныхасмæ гæсгæ, уголовон бæрнондзинады тыххæй хабар кæмæн фехъусын кодтой, дæргъвæтин рæстæг уыцы нæлгоймаг йе 'нахъом чызджы хъомыл кæнынæн алименттæ фидыны тыххæй тæрхондоны уынаффæ кæй не 'ххæст кодта, уый нымайгæйæ, нæлгоймагæй "Административон барадхæлдтыты тыххæй" кодексы 5.35.1 статьяйы 1 хаймæ ("Сывæллæтты хъомыл кæнынæн фæрæзтæ нæ фидын") гæсгæ административон бæрнондзинад кæд бадомдтой, уæддæр ныййарæг алименты хæс бафидынил нæ бацархайдта æмæ афтæмæй æнахъом чызджы закъонон бартæ хæлдта. Ныййарæг сывæллонæй дардта 300 мин сомæй фылдæр.

Уголовон хъуыддаг барвыстой Дыгуры районы тæрхондонмæ бæстон ыл æрныхас кæнынмæ.

Нæлгоймагæн тæссаг у афæдзы дæргъы æнæбары куыстытæ æххæст кæнынæй, кæнæ та амынд рæстæг ахæстоны фæбадынæй.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Ахсджиаг фарста

# Æрдз — нæ хъахъхъæнинаг

**Сæрмагондæй хъахъхъæнинаг æрдзон бынат национ парк "Алани" ис хæххон Дыгуры. Ардæм, хæдзарадон архайд кæнæн кæм нæй, ахæм зæххытæ хауынц 3700 гектары, хæдзарадон архайдæн бар кæм ис, уыцы фæзуат та ахсы 23750 гектары. Дарддæр æрдз хъахъхъæныны уагæвæрд афтæ домы, æмæ хæдзарадон архайдæй ист зæххыты нæй цыфæнды архайд кæнынæн дæр, хæдзарадон архайд ист кæм нæу, уыцы зæххыты та суанг хъахъхъæнæн тæлмы дæр ис традицион хæдзарадон архайд кæнæн: фос дарæн, зæххы куыст кæнæн, хæрынæн бæзгæ зайæгойтæ, стæй хосгæнæн-техникон хомаг æмбырд кæнæн дæр. Æппæт ацы алывæрсыг змæлдмæ зивæг нæ кæнынц бынæттон цæрджытæ, фермертæ, стæй, зæхх хаццоны чи райста, уыдон дæр.**

Фæлладуагъды куыстуæттæ æмæ бынæттон цæрджытæ архайынц туризмы алы хуызты дæр. Арæзтадон куыстытыл хæст сты фæндаггæнджытæ, арæнхъахъхъæнджытæ, энергетиктæ, газы æмæ доны хæдзарады кусджытæ, бынæттон цæрджытæ æмæ, Дыгургомы хæхбæсты дачæтæ кæмæн ис, уыцы адæм дæр.



Раздæры фосдарæн бынат Æхсиаджы

экологон къахвæндæгтæ æмæ туристон маршруттæ дæр, уæлдайдæр, Къубус æмæ Чъифанзары цъымаратыл чи цæуы, уыдоны.

Хъыгагæн, туризм дæр æвзæрæрдæм зыны экосистемæты уавæрыл, стæй стæм цæрæгойтæ æмæ зайæгойты хуызтыл дæр. Уымæн æмæ, туристтæ цы бынæтты фæцæуынц, уыцы рæтты сычъитæ, сæ цæрæн бынæттæ æндæр рæттæм кæй аивынц, уымæй уæлдай сыл хæдзарон цæрæгойтæй алыхуызон низтæ дæр бахæцы. Кæд, фос хизгæйæ, æнæзакъон цуан кæныны цаутæ стæм вæййынц, уæддæр хъомгæстæ æмæ фыййæутты куыйтæ арæх бафтынц хъæддаг сырдты фæдыл. Æппæтæй хъуыдыйагдæр та къуыри иу хатт бахъæуы æмбырд кæнын, ласт та æрцæуынц Дыгуры районы быдырон хайы бырондæттæм.

Ныртæккæ махæн нæ ахсджиагдæр хæс у национ парк "Алани"-йы биологон алыхуызондзинæдтæ æмæ цад Мадзаскæ бахъахъхъæнын. Уæлдай зынаргъдæр нын доны ацы фæрæз уымæн у, æмæ ам зайы канд РЦИ-Аланийы нæ, фæлæ æппæт Центрон Кавказы дæр æрмæстдæр махмæ чи æмбæлы, ахæм кæрдæг "лютик", зæгъгæ. Йæ фондз хуызы хаст æрцыдысты РЦИ-Аланийы Сырх чиныджы дыккаг рауагъдмæ, æмæ рацæудзæн 2022 азы нæ республикæйы Æрдзы министрады хардзæй.

Хæххон Дыгуры алфамбылай æрдзæн йæ рæстæджы чысыл зиан не 'рхаста Фæснæлы чысыл гидроэлектростанцæ дæр. Уый бельгиаг амалхъомтæ сарæзтой XIX æнусы кæрон, æмæ уый тыххæй къæдзæхтæ рæмудзын, алыварс хъæд цæгъдын, æндæр куыстытæ кæнын кæй бахъуыд, уыдæтты аххосæй цæугæдон Айгомугидоны гидрологон уагæвæрд фехæлд. Балергæсæгтæн сæ холладжы бындур кæй фæкъаддæр, уый сæ чысыл нæ бахъыгдардта. Уæвæн ис, гидроэлектростанцæйы турбинтыл дæр фæцагъды уыдаиккой, æмæ нæ дарддæры царды ацы бæллæхтæй бахизын хъæуы.

Хъыгагæн, ацы зæххыты хæдзарадон æмæ фæлладуагъды архайдыл хæст куыстуæттæ арæх халынц национ парк "Алани"-йы хъахъхъæныны надон уагæвæрд, æмæ уый æвзæрæрдæм фæзыны йæ алфамбылайы уавæрыл. Фæлæ парчы паддзахадон инспекторты хъæддых архайды руаджы æрдзон закъонад халджытæ алы хуызты æфхæрд баййафынц кæнæ та сын разфыстытæ лæвæрд æрцæуы.



Донласджытæ

Уавæр афтæ у, æмæ национ парк "Алани"-йы фæлладуагъды фæрæзтæ сты, куыд хæххон бæрзæндты, афтæ ныллæджыты дæр, æмæ сты мæнгæфсон, фæйнæхуызон, стæй зынцæуæн дæр. Уæддæр алы ранмæ дæр хæццæ кæны горæтты цæрджыты æндæвдад. Арæх рæсугъд æрдзон бынæтты фенæн вæййы, фæлладуадзджытæ кæй ныууадзынц, ахæм æвгтæ, целлофан дзæкъултæ, хойраджы уæлдæйттæ æмæ æндæр чъизитæ. Ахæм æнæгъдаудзинад уымæ æркæны, æмæ хæххон уæлвæзтæ æмæ дæлвæзты фæзынынц, ацы рæтты рагæйдæр чи нæ зайы, ахæм биологон хуызтæ: зæгъæм, амбрози, стæй, фос кæй нæ хæры, ахæм бирæ кæрдæджытæ, сарæх вæййынц колорадæйаг хъæндил, манкъа бирæгъ (шакал), зыгъарæг æмæ æндæр цæрæгойтæ.

Иу ныхасæй, фæстаг азты бæрæггæнæнтæ куыд дзурынц, афтæмæй бынæттон цæрджытæ æмæ фæлладуадзджытæ цас фылдæрæй-фылдæр кæнынц, уыйас æфты национ парчы уагæвæрды хæлдтытыл дæр, æмæ уый тыххæй экологон системæтæ азæй-азмæ заууатмæ цæуынц.

Нæ хъуыды дарддæр куы ахæццæ кæнæм, уæд, парчы алыварс цы турбазæтæ æмæ фæлладуадзæн базæтæ ис, уыдонмæ хæстæг дæр æрдзон бынæтты уæлцъар йæ хуыз ивын райдыдта. Ахæм уавæры сты къаддæр кæны хъæддаг сырдты нымæц, зайæгойтæ бахус вæййынц туристты къæхты бын, мæры бындур хæлд цæуы, алфамбылай зæхх та бырæтты бын фæвæййы.

Туристтæ æмæ альпинисттæ хъæддаг æрдзæн цы фыдбылыз хæссынц, уый уæлдай фылдæр у бæрзонд хæххон бынæтты. Уымæн æмæ гом тыгъдæдты цæрæгойты фæтæрсын кæнын æмæ лидзыны дæрддзæг бирæ къаддæр вæййы хъæдæй. Фæлæ ма æндæр архайд дæр ис, национ парк "Алани"-йы алфамбылай æрдзыл æвзæрæрдæм чи зыны, ахæм. Уавæр афтæ у, æмæ, зæхх хаццоны чи райста, æмæ фермертæ сæ фос уæгъдибарæй, æнæ бæлвырд фæткмæ гæсгæ фæхизынц хæхбæсты. Ацы архайд уымæ æркодта, æмæ фосхизæнуæтты кæрдæг заууатмæ кæй æрцыд, уый аххосæй ацы фæзуæтты фæзынд хæмпæлгæрдæг зайæгойтæ, уæлдайдæр фосскъæрæн фæндæгтæ æмæ фосдарæнты. Зæгъæм, ахæм æнæхæдзардзинæдтæ фенæн ис æрдзон бынæттæ "Æхсиаг" æмæ æндæр рæтты.

Фос хæххон сæрвæтты кæй фæхизынц, уый тыххæй холлæгты бындур къаддæр кæны, æмæ хъæддаг цæрæгойтæ, зæгъæм, сæгуыттæ æмæ махæн у, хæдзарадон архайдæй ист зæххытæм хатгай хомвосы рæгъæуттæ æмæ фысвосы дзугтæ скъæрд кæй æрцæуынц, уый дæр.

Ацы æндæвдад национ парк "Алани"-йы хъахъхъæнæн тæлмы цавæр къæпхæны ис, уый сбæлвырд кæныны тыххæй æрдзон бынат "Æхсиаджы" иудадзыгон цæстдард сарæзтам хизæнуæттæм. Бæрæггонд куыд æрцыд, афтæмæй дæргъвæтин рæстæг иу ран хизынæй хæххон хизæнуæттæ зауuатмæ æрцæуынц, кæрдæджыты сконд та дзæвгар фæмæгуырдæр вæййы, æмæ сæ арæхдæр зайын райдайынц, фос кæй нæ хæры кæнæ маргджын чи у, ахæм зайæгойтæ. Фос ривæд кæм фæкæнынц, æмæ сæ æхсæв кæм фæдарынц, уыцы бынæтты кæрдæг нал зайы, æмæ сæ пайдагонд куы нал цæуа, уæд дзы сырæздзæн, фос кæй нæ хæрынц, ахæм кæрдæг.

Адæймаджы æнæрхъуыды архайдæй фосхизæнуæттæ азæй-азмæ заууатмæ цæуынц алфамбылай æрдз чъизи кæныны тыххæй дæр. Бæлвырддæр куы зæгъæм, уæд æнæфснайдæй фенæн вæййы фæлладуадзæн бынæтты, экологон къахвæндæгты, туристон маршрутты, æндæр рæтты дæр, æмæ сæ парчы кусджыты

Нæ хæххон хизæнуæттæй куыд пайда кæнын хъæуы, уыцы фарстамæ фæстæмæ куы раздæхæм, уæд хъуамæ æмбæлгæ уæз æнцайа сæ алкæцыйыл дæр. Сæ кæрдæджы тыллæг фосæн чысыл кæнæ тынг бирæ куы хæрын кæнæм, уæд уый æрхæссы æвзæр экологон фæстиуджытæ.

Хизæнуæттæй пайда кæнгæйæ, хъæуы хизæнуатон зилдух дæр. Хъомвосы рæгъæутты, фысвосы дзугты кæнæ бæхрæгъæутты хизæнуатмæ баскъæрыны агъоммæ ахъуыды кæнын фæхъæуы, уыдон раст куыд равæрын хъæуы, ууыл. Хъуамæ хъомрæгъау хиза, уыдонæн бæзгæдæр чи уа, ахæм ран, иннæ хайы — фысвосы дзуг, æртыккаджы — бæхты рæгъау, цыппæрæмы та хъуамæ сæгътæ хизой. Уыимæ, хынцын хъæуы фосхизæнуæтты уырдыгдзинад, кæрдæджы рæзты уавæр æмæ æндæртæ.

Ацы домæнтæ æххæст кæнгæйæ, фос хизын кæнын хъæуы стыр тъæпæнты æмæ æмхуызон, цæмæй кæрдæг æгæр тынг хæрд ма цæуа, фос зæхх ма нæмой сæ къæхты бын. Арæхдæр ивын хъæуы ривæддонтæ æмæ фосдарæнтæ дæр, зæхх зауuаты уавæрмæ куыд не 'рцæуа, уый тыххæй.

Хъыгагæн, хъомгæстæ æмæ фыййæуттæ сæ цæст нæ фæдарынц сæ хъомвосы рæгъæуттæ æмæ фысвосы дзугтæм. Сæхи бар сæ ауадзынц, æмæ уый фылдæр хатт æркæны Сæрмагонд хъахъхъæнинаг æрдзон бынат — парк "Алани"-йы уагæвæрды хæлдтытæм. Уымæ гæсгæ нæ паддзахадон инспекторты хатгай ахæм æбæрнон фосдарджыты бахъæуы фæивар кæнын, æмæ æдзухдæр архайын хъæуы уагæвæрд æххæст кæныныл.

**САБЕТЫ Аламбег, национ парк "Алани"-йы директоры хæдивæг наукон куысты**

# Программа телепередач с 29 августа по 4 сентября

## 29 Понедельник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 12+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 АнтиФейк 16+
10.00 Жить здорово! 16+
10.45, 12.15, 15.15, 18.20, 23.45, 03.05 Информационный канал 16+
18.00 Вечерние Новости
21.00 Время
21.45 Т/с "Золотая Орда" 16+
22.45 Большая игра 16+

### РОССИЯ 1
05.00, 09.30 Утро России 12+
09.00, 14.30, 21.05 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.00, 14.00, 17.00, 20.00 Вести
11.30, 17.30 60 минут 12+
14.55 Кто против? 12+
21.20 Т/с "Елизавета" 16+
22.20 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+
01.00 Т/с "Годунов" 16+
02.00 Т/с "Морозова" 16+
03.45 Т/с "Срочно в номер!" 16+

### ГТРК "АЛАНИЯ"
**"Алания" - канал "Россия 1"**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.00 Местное время. Вести-Ирыстон
09.35 Аланийы райсом
09.55 Канал "Россия 1"
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.05 Местное время. Вести-Алания
**"Алания" - канал "Россия 24"**
10.00 Россия 24. Местное время
10.30 Канал "Россия 1"
15.00 Россия 24. Местное время
15.30 Канал "Россия 24"
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал "Россия 24"

### НТВ
05.00 Т/с "Улицы разбитых фонарей" 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.50 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с "Морские дьяволы. Особое задание" 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
19.50 Т/с "Канцелярская крыса" 16+
21.50 Т/с "Рикошет" 16+
00.10 Т/с "Пес" 16+
02.10 Т/с "Мент в законе" 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.30 Известия 16+
05.25, 06.15, 06.55, 13.25, 14.20, 15.20, 16.20, 17.20, 18.00, 18.45 Т/с "Лесник" 16+
07.45, 08.40, 09.25, 10.10, 11.10, 12.05 Т/с "Чужой район-3" 16+
19.45, 20.40, 21.30, 22.25, 00.30, 01.10, 01.50, 02.30 Т/с "След" 16+
23.10 Т/с "Свои-5" 16+
00.00 Известия. Итоговый выпуск 16+
03.05, 03.30, 03.55, 04.25 Т/с "Детективы" 16+

### КУЛЬТУРА
06.30, 16.50 Д/ф "Царица Небесная. Феодоровская икона Божией Матери" 16+
07.00 Другие Романовы 16+
07.30 Черные дыры. Белые пятна 16+
08.10 Легенды мирового кино 16+
08.45, 15.35 Х/ф "Приключения Электроника" 0+
10.00, 15.00, 19.30, 23.40 Новости культуры 16+
10.15 Д/ф "Абрам да Марья" 16+
11.10, 00.00 История одного спектакля. Ревизор 16+
12.20, 20.30 Абсолютный слух 16+
13.05, 21.45 Х/ф "Берег его жизни" 16+
14.15 Д/ф "Гатчина. Свершилось" 16+
15.05 Эрмитаж 16+
17.20, 01.10 Марафон "Звезды XXI века" 16+
18.15 Цвет времени. Анатолий Зверев 16+
18.35 Д/ф "Женщины-викинги. Гнев Сигрун и открытие Исландии" 16+
19.45 Библейский сюжет 16+
20.15 Спокойной ночи, малыши!
21.15 Д/ф "Запечатленное время. Конфетное счастье" 16+
22.55 Д/ф "Война без грима" 16+
02.10 Школа будущего 16+
02.40 Д/ф "Забытое ремесло. Шорник" 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00, 08.55, 12.30, 14.55, 20.10 Новости
06.05, 17.30, 19.35, 21.40 Все на Матч! 12+
09.00 Т/с "Вышибала" 16+
11.00 VII Армейские Международные игры "АрМИ - 2022". Танковый Биатлон 0+
11.30 Есть тема! 12+
12.35, 03.10 Специальный репортаж 12+
12.55 Х/ф "Взаперти" 16+
15.00, 05.15 Громко 12+
15.55 Всероссийская спартакиада по летним видам спорта. Гандбол. Женщины. Финал. Прямая трансляция 0+
17.55 Всероссийская спартакиада по летним видам спорта. Гандбол. Мужчины. Финал. Прямая трансляция 0+
20.15 Всероссийская спартакиада по летним видам спорта. Церемония закрытия. Прямая трансляция из Москвы 0+
22.30 Бильярд. "BetBoom Кубок Чемпионов". Финал. Прямая трансляция из Москвы 0+
00.15 Тотальный Футбол 12+
00.45 Х/ф "Дом летающих кинжалов" 12+
03.05 Новости 0+
03.30 Д/ф "Мэнни" 16+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.40, 18.05, 00.30 Петровка, 38 16+
08.50 Т/с "Предчувствие" 16+
10.35, 04.40 Д/ф "Нина Дорошина. Чужая любовь" 12+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00, 00.00 События 12+
11.50 Т/с "Практика-2" 12+
13.40, 05.20 Мой герой 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05, 03.15 Х/ф "Психология преступления. Эра стрельца" 12+
16.55, 00.45 Прощание 16+
18.25 Т/с "Не женская работа" 12+
22.40 Специальный репортаж 16+
23.10 Знак качества 16+
01.25 Д/ф "Актерские драмы. Криминальный талант" 12+
02.05 Д/ф "Мао и Сталин" 12+
02.45 Осторожно, мошенники! 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.05 По делам несовершеннолетних 16+
08.30, 03.00 Давай разведемся! 16+
09.30, 01.20 Тест на отцовство 16+
11.40, 00.25 Д/с "Понять. Простить" 16+
12.45, 22.45 Д/с "Порча" 16+
